



Depatman Timoun Ak Fanmi nan Eta Connecticut

AVI SOU REZILTA ANKÈT LA

DCF-2210

07/2016 (Revize)

Paj 1 nan 1

| | |
|----------|---------------------------|
| A (Non): | Dat : |
| Adrès : | No. LINK : |
| | Konsènan: Ankèt ki date : |

Depatman Timoun Ak Fanmi an (DCF) dènyeman te ankete rapò sou akizasyon ki di ou te abize oswa neglije youn oswa plizyè timoun. Bi lèt sa a se pou fè ou konnen desizyon ki te pran konsènan ankèt sa a.

DCF te konkli bagay sa a yo: **(REMAK : Pou chak timoun, fè lis akizasyon yo epi chwazi desizyon pou chak akizasyon)**

| Non Timoun | Akizasyon | Dispozisyon |
|------------|-----------|-------------|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

DCF jwenn ou pa reprezante yon danje pou sante, sekirite, oswa byennèt timoun.

DCF jwenn ou reprezante yon danje pou sante, sekirite, oswa byennèt timoun epi ap rekòmande yo plase ou nan Rejis Santral Abi ak Neglijans Timoun.

Pou moun DCF jwenn ki reprezante yon danje pou sante, sekirite ak byennèt timoun, li rekòmande mete yo nan Rejis Santral la. Non yo rete nan lis sa pou toutan. Anplwayè aktyèl oswa fiti ki gen travay yo ki enplike kontak ak timoun ansanm ak otorite lisansye federal, eta, ak lokal yo ki kontwole aktivite ki enplike timoun, kapab tcheke Rejis Santral la. Plasman nan Rejis Santral kidonk kapab afekte kapasite ou pou travay, jwenn lisans oswa angaje nan aktivite ki enplike timoun.

Si yo te rekòmande w pou plasman nan Rejis Santral la, yo pral mete non ou nan Rejis Santral la amwenke ou egzèse dwa ou pou fè apèl kont rezilta sa a. Pandan apèl la annatant, yo pap pral divilge non ou bay okenn moun eksepte jan lalwa pèmèt sa.

Si ou pa dakò ak rezilta ki di ou te abize oswa neglije yon timoun, ou kapab fè apèl kont rezilta a lè ou siyen epi poste fòm DCF-2210b "Request for Appeal of Substantiation Findings" DCF ki nan anvlòp la nan adrès yo ba ou nan fòm nan. Sa pral kòmanse yon pwosè pou apèl ki ka abouti nan chanjman rezilta DCF la. Tanpri, konnen byen ou ka mande tou, alekri, pou ranvwaye apèl la pandan atant dispozisyon pwosedi tribinal kriminel ki soti nan akizasyon abi ak/oswa neglijan ki anlè yo. (Si ou mande pou yo ranvwaye odyans ou an, ou dwe fè DCF konnen nan espas senkan pou mande yo tounen ak li. Si ou pa mande yo tounen ak li nan espas senkan, konfimasyon ak rezilta Rejis Santral la, si sa aplikab, pral kenbe otomatikman).

Tanpri, sonje nou dwe resevwa demann apèl ou nan lespas trant (30) jou soti nan dat avi sa a pou apèl ou a ka jwenn konsiderasyon. Nou pral konplete yon revizyon entèn nan lespas trant (30) jou soti nan dat DCF te resevwa demann apèl ou. Yo pral fè ou konnen alekri rezilta revizyon sa a ak lòt aksyon pou apèl ki disponib pou ou si ou pa satisfè ak rezilta yo.

Sensèman,

Travayè Sosyal/Ankèt _____

Telefòn:

Imèl: